



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 4 jen 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PWOJÈ-LWA POU POTE KONSISTANS AK ONÈTETE NAN LWA KRIMINÈL ETA A, EPI POU SOVE ANPIL MILYE NOUYÒKÈ NAN AKIZASYON POU DELI SAN NESESITE**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, ki te fè yon sèl avèk lejislasyon yo, pwokirè distri a, ak ofisyèl lapolis yo, te anonse yon pwòje-lwa ki ta mete menm sanksyon sou moun ki posede ti kantite mariwana an prive ak an piblik, pou pote konsistans ak onètete nan Lwa Kriminèl Eta New York. Nouvo lwa a pral sove anpil milye Nouyòkè, ki se jèn moun nwa ak ispanik yon fason ki pa pwopòsyonèl, kont akizasyon pou deli san nesosite.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Anons jodi a konsène kreyasyon onètete ak konsistans nan lwa nou yo, paske gen yon enkonsistans ki parèt aklè nan fason nou jere ti kantite mariwana moun yo posede. Sa a se yon pwoblèm ki afekte jèn moun yo yon fason ki pa pwopòsyonèl — yo fini avèk yon tach pèmanan nan dosye yo pou yon bagay ki ta yon vyolasyon. Akizasyon an fè li pi difisil pou yo jwenn yon djòb. Ansanm, n ap fè New York vin pi onèt ak pi pwoteje, epitou n ap asire chak Nouyòkè jwenn aksè nan sistèm jistis la ki pa pratike diskriminasyon akòz laj oswa koulè.”

Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, “Sa Gouvènè Cuomo pwopoze a, se yon eklèsisman lalwa ki lojik, epi malerezman, ki nesèsè, paske sa egziste jodi a. Li vin klè lè yon moun posede mariwana, yo itilize sa, malerezman, pou make ak tache dosye anpil milye sitwayen, sitou moun nwa yo, ki pa gen dosye kondanasyon kriminel anvan. Bagay sa a depase sou vizaj li, epi nou bezwen rezoud pwoblèm nan yon fason ki serye ak rapid.”

Manm Asanble Karim Camara, Prezidan New York State Black, Puerto Rican, Hispanic and Asian Legislative Caucus, di konsa, “Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li ap travay pou pote onètete nan sistèm jistis nou an. Pwojè-lwa sa a pral asire moun ki posede yon ti kantite mariwana kit se an piblik oswa an prive, jwenn tretman kòm yon vyolasyon, epi pa kòm yon deli. Zak minè sa a rabese avni twòp Nouyòkè, sitou jèn minorite yo, sa ki lakòz move kondisyon kominote ki toupatou nan eta a. Lè Gouvènè a fè chanjman nan lwa a kòrèkteman, li ede kreye yon eta ki pi pwoteje ak pi fò pou tout Nouyòkè yo.”

Manm Asanble Hakeem Jeffries di konsa, “Jodi a, Gouvènè Andrew Cuomo ap vanse avèk yon pwòje-lwa pou nòmalize sanksyon ki asosye avèk moun ki posede mariwana, pou li ka mete yon pwen final nan pratik ki la deja, ki make anpil milye lavi moun san nesosite, epitou ki gaspiye anpil milyon dola nan

Haitian Creole

resous lapolis, pandan l ap atake pouswit jidisyè krim grav yo. Pandan plizyè ane, anpil milye Nouyòkè, ki se jèn moun nwa ak ispanik yon fason ki pa pwopòsyonèl, te jwenn akizasyon avèk deli ki pa nesèsè, sa ki te kreye anpèchman pou yo jwenn djòb pidevan, epitou sa ki te fè gen plis tansyon ant lapolis ak kominote yo. Pwojè-lwa sa a pral asire moun ki posede ti kantite mariwana jwenn yon sanksyon ki apwopriye pandan y ap evite domaj pèmanan nan dosye yo. Mwen di Gouvènè a mèsì poutèt li trete tout Nouyòkè yo san patipri anba lwa Eta New York.”

Manm Komisyon Lapolis, Raymond W. Kelly, di konsa, “Pwojè-lwa ki pwopoze a pran yon apwòch ekilibre, epi li gen ladan lespri lòd operasyon Depatman Lapolis New York yo bay sou sijè a ane pase. Answit, kalite jarèt depatman an ap bay san pran souf sipòte avèk konsèvasyon sanksyon pou moun ki fimen mariwana an piblik.”

Anba nouvo Lwa Kriminèl Eta New York, moun ki posede 25 gram mariwana oswa mwens kantite mariwana, kote piblik la wè sa, kapab jwenn akizasyon avèk yon deli Klas B. Si yon moun posede menm kantite mariwana a an prive, li ka jwenn yon sanksyon pou vyolasyon an. Dapre pwojè-lwa sa a, si yon moun posede ti kantite mariwana, an piblik oswa an prive, yo ka konsidere sa kòm yon zak ki ka jwenn sanksyon. Si yon moun fimen mariwana nan yon espas piblik, sa ap toujou yon deli.

Lwa sou Refòm Mariwana, Gouvènè Hugh Carey te siyen nan ane 1977, te konsidere posesyon yon ti kantite mariwana an prive kòm yon vyolasyon ki ka jwenn yon sanksyon maksimòm \$100 pou kriminèl ki nan dwòg pou premye fwa. Moun ki posede mariwana an piblik te toujou yon deli.

Nan kèk ane apre adopsyon lwa sa a, kantite moun ki te jwenn arestasyon yo pou ti kantite mariwana te ogmante ant apeprè 2.000 nan ane 1990 a plis pase 50.000 jodi a - sitou nan Vil New York, kote 94% arestasyon yo fè chak ane.

Plis konsantrasyon sou arestasyon pou ti kantite mariwana gen yon konsekans ki pa pwopòsyonèl sou jèn moun minoritè yo. Pami moun ki te jwenn arestasyon yo nan Eta New York ane pase, plis pase 50% te gen mwens pase 25 ane, epi 82% se te swa moun mwa oswa Ispanik. Sou 53.124 arestasyon, mwens pase 10% pa t janm jwenn kondanasyon pou yon krim. Pou moun ki te jwenn arestasyon yo, ak pou ti kantite moun ki te jwenn kondanasyon yo, tach ki nan dosye yo rete yon anpèchman pou yo jwenn djòb pidevan.

Pwokirè Distri Manhattan, Cyrus R. Vance, Jr. di konsa, “Sekirite ak onètete se de (2) poto-mitan sistèm jistis kriminèl nou an. Se rezon sa a ki fè mwen sipòte chanjman Gouvènè Cuomo pwopoze nan lwa ki detèmine posesyon mariwana. Chanjman senp ak onèt sa a pral ede nou re-oryante resous enpòtan pou kriminèl ki pi vyolan ak pou pwoblèm krim grav yo, epi, sensèman, se yon bon bagay pou fè.”

Pwokirè Distri Brooklyn, Attorney Charles J. Hynes, di konsa, “Mwen sipòte chanjman Gouvènè Cuomo a toutbon nan lwa sou mariwana a. Pwojè-lwa sa a prale nan yon apwòch ki pi ekilibre pou zak ki asosye avèk dwòg, epitou l ap ogmante lòt pwogram pwogresif ki deja ap sèvi kominote nou an. Sa ap mennen

nan yon itilizasyon resous lapolis avèk plis efikasite. Mwen bat bravo pou kalite dirijan Gouvènè Cuomo sou zafè sa a.”

Pwokirè Distri Konte Queens Richard A. Brown, di konsa, “Pwojè-lwa ki pwopoze a frape ekilib apwopriye ant nesosite pou aplikasyon lalwa ak enkyetid kominote a. Nou fè yon sèl avèk kamarad nou yo nan lapolis la pou sipòte pwojè-lwa gouvènè a ki pral amelyore operasyon sistèm jistis kriminel nou an san patipri.”

Pwokirè Distri Bronx, Robert T. Johnson, di konsa, “An kèk mo ki senp, pa gen nesosite pou pòsyon “public view” (vizyon piblik) nan lwa sa a. Pwojè-lwa a deja endike posesyon ti kantite mariwana se yon pwoblèm minimòm pou sosyete nou an. Pwopozisyon Gouvènè Cuomo a ta fè lwa a vin konsistan, epi li ta fè lwa a evite nesosite pou anpil arestasyon ki bwouye laverite ant kominote a ak lapolis.”

Pwokirè Distri Staten Island, Daniel M. Donovan Jr. di konsa, “Gouvènè a te prive pou abòde kèk nan enkyetid mwen ak lòt pwokirè yo te genyen lè chanjman sa yo te fèk pwopoze. Lwa a pral kontinye abòde deranjman ki genyen akòz moun ki fimen mariwana libelibè nan espas piblik, epi ki pa anpeche ofisye lapolis yo egzije yon moun ki vyole lalwa bay idantifikasyon li, pou asire yon moun y ap chèche pou yon krim grav pase sove ale avèk senpleman yon kontravansyon. Yon lòt kote, mwen swete Depatman Lapolis New York ak kapab re-afekte kèk nan resous li yo pou rezoud plis krim grav, epitou pou kontinye kenbe vil sa a kòm gwo vil ki pi gen plis sekirite nan Lamerik.”

Pwokirè Distri Nassau, Kathleen Rice, di konsa, “Nan refòm kòd penal lojik sa a, ki ankouraje onètete ak konsistans nan lalwa, Gouvènè Cuomo ap amelyore relasyon kominote a avèk lapolis. Antan yon pwokirè, mwen konnen relasyon nou avèk kominote a se zouti ki pi enpòtan nou genyen pou kenbe katye yo an sekirite. Refòm sa a pral pèmèt ofisye lapolis yo kontinye fè lari nou yo gen plis sekirite pandan y ap konsantre sou krim ki pi grav yo. Mwen bat bravo pou efò li yo, epi mwen pa ka tann pou aplike chanjman nesèsè sa yo.”

Prezidan New York City Patrolmen's Benevolent Association, Patrick J. Lynch, di konsa, “Demann Gouvènè a fè pou chanjman nan repons lapolis pou kontrebann yo dekouvri lè yo rete yon moun kòrèkteman, kesyon ak fouy fè sans, epi sa fonksyone menm jan avèk yon dènye chanjman règleman Manm Komisyon Lapolis la te pibliye. NYC PBA bay anpil sipò pou direksyon ki klè ak egzat pou manm li yo konsènan responsablite lapolis yo nan egzanp espesifik yo.”

Gabriel Sayegh, Direktè New York State pou Alyans Règleman pou Dwòg, di konsa, “Akizasyon ki gen twòp pinisyon gen yon konsekans nuizib sou sistèm jistis nou an. Yo kapab lakòz gwo domaj sou lavi moun, gaspiye lajan kontribiyab sou pwosè ki pa nesèsè, epi kreye mefyans ant kominote yo ak lapolis. Pou kounye a, sa a se ka avèk posesyon ti kantite mariwana an piblik, sitou pou kominote moun nwa yo, men avèk pwojè-lwa Gouvènè Cuomo, enjistis sa a kapab fini nan yon ti tan. Nou ta dwe bat bravo pou Gouvènè a pou kalite dirijan li, epi poutèt li te kontinye ap fè efò pou sistèm jistis nou an pi onè pou tout Nouyòkè yo.”

Haitian Creole

Donna Lieberman, Direktè Egzekitif New York Civil Liberties Union, di konsa, “Kominote yo ak lapolis dwe travay ansanm kòm patnè pou yo fè eta nou an toujou gen sekirite. Men, akizasyon ki di san rezon pou ti zak bwouye laverite ki nesèsè pou patnarya sa a gen siksè. Se rezon sa a ki fè pwojè-lwa Gouvènè Cuomo a gen anpil enpòtans. Lè pwojè-lwa sa a fè sanksyon pou posesyon ti kantite mariwana an piblik oswa an prive vin yon vyolasyon, l ap ede fè vin gen konfyans ankò ant kominote yo ak lapolis. Alafen, New York ap vin yon eta ki gen plis sekirite akòz pwojè-lwa sa a.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418